

# KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

4 JEN 2012

**Non Elèv la** \_\_\_\_\_

**Non Lekòl la** \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

**Premye Pati** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a genyen 12 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

## EKSPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini aprè l, repons yo make ak lèt A-D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make repons ou yo sou fèy repons la.

Li egzanzp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanzp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a.

**S-2** Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Premye Pati

1 Ki objè ki gen pi gwo fleksibilite?

- A blòk an bwa
- B goblè papyè
- C klou metal
- D boutèy an vè

2 Yon fòm defini ak yon volim defini se pwopriyete ki eta matyè?

- A solid, sèlman
- B likid, sèlman
- C solid ak likid
- D likid ak gaz

3 Ki mouvman Latè ki fè gen lajounen ak lannwit?

- A ewozyon
- B depozisyon
- C revolisyon
- D wotasyon

4 Ki zouti yon elèv ta dwe itilize pou wè modèl ki sou yon objè?

- A balans
- B loup senp
- C tèmomèt
- D silend gradye


5 Ki tèm yo itilize ansanm pou dekri tan an?

- A gravite ak direksyon van
- B presipitasyon ak ekoulman dlo
- C dlo anba tè ak ewozyon
- D tanperati lè a ak vitès van an

- 6** Ki inite metrik yo ta dwe itilize pou dekri mas yon objè?
- A santimèt
  - B lit
  - C gram
  - D degre Sèlsiyis
- 7** Lè yo mete yon goblè dlo ki te nan tanperati nòminal nan yon frizè, eta matyè dlo a ap chanje eta
- A likid an gaz
  - B gaz an likid
  - C likid an solid
  - D solid an likid
- 8** Ki fòm enèji ki pwodui lè papyè boule?
- A tèmik
  - B mayetik
  - C elektrik
  - D chimik
- 9** Gravite ak mayetis se
- A fòs komen
  - B sik natirèl
  - C eta matyè
  - D fòm enèji
- 10** A apeprè kilè Solèy la nan pwen ki pi wo nan syèl la pou yon obsèvatè ki nan Eta New York?
- A 6 a.m.
  - B midi
  - C 6 p.m.
  - D minwi

- 11 Ki pwopriyete yon objè ki dekri kijan kouran elektrik pase ladan san pwoblèm?
- A koulè
  - B tanperati
  - C reflektivite
  - D kondiktivite
- 12 Pandan ki pwosesis dlo ak van deplase mòso materyo wòch yo sou sifas Latè?
- A kondiksyon
  - B depozisyon
  - C ewozyon
  - D revolisyon
- 13 Ki faktè k ap lakòz yon **diminisyon** nan fòs atraksyon ant de (2) leman?
- A ogmantasyon dimansyon de (2) leman
  - B ogmantasyon distans ant de (2) leman
  - C chanjman koulè de (2) leman yo
  - D chanjman teksti de (2) leman yo
- 14 Pou imen yo kapab toujou gen bon sante, yo ta dwe
- A manje sa ki gen anpil grès
  - B fè egzèsis fizik regilyèman
  - C bwè alkòl souvan
  - D fimen tabak pafwa

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 15 ak 16. Dyagram nan montre kèk òganis k ap viv ansanm.



(Pa trase selon echèl la)

**15** Zwazo fèk fèt ki nan nich lan ap fè konpetisyon pou

- A manje
- B parèy
- C predatè
- D kamouflaj

**16** Ki de (2) òganis nan dyagram sa a ki de pwodiktè?

- A jè-ble ak sèpantye
- B vonvon ak ekirèy
- C vè ak fèy
- D pyebwa ak zèb

\*\*\*\*\*

**17** Ki patikularite ki ede kèk bèt defann tèt yo kont predatè?

- A odè ki fò
- B move odisyon
- C vizyon fèb
- D frison

**18** Fonksyon prensipal najwa yon pwason se pou ede pwason an

- A repwodui
- B wè
- C respire
- D deplase

**19** Lè dlo oseyan ki vin twò cho, kèk balèn ale nan dlo ki pi frèt. Mouvman sa a se yon egzanj

- A konstwiksyon nich
- B lachas
- C migrasyon
- D ibènasyon

**20** Plant vèt yo jwenn enèji yo bezwen pou fè manje nan

- A dlo
- B lè
- C sòl
- D limyè solèy

**21** Ki twa (3) bagay bèt yo bezwen nan anviwònman yo pou yo ka siviv?

- A sòl, dlo, ak manje
- B sòl, limyè, ak dlo
- C lè, manje, ak dlo
- D lè, dlo, ak limyè



**22** Ki de (2) pwosesis ki komen pou tout kreyati vivan yo?

- A vole ak respire
- B migrasyon ak repwodiksyon
- C itilizasyon eleman nitritif, epi kwasans
- D eliminasyon dechè ak ibènasyon

**23** Pyebwa yo kòmanse sou fòm grenn, epi yo grandi pou vin pyebwa ki gen matirite ki pwodui plis grenn. Modèl sa a reprezante yon

- A chèn alimantè
- B sik lavi
- C rezèv manje
- D direkvi


**24** Foto ki anba la a montre yon pye kaktis ki kouvri avèk zepin pweni.



Kijan zepin pweni ki sou kaktis la ede li siviv?

- A Yo absòbe limyè solèy la.
- B Yo bay sipò pou plant lan.
- C Yo fè bèt yo rete lwen plant lan.
- D Yo pote manje pou flè a.

25 Graf ki anba la a montre enfòmasyon sou plizyè bèt.




Ki pi bon tit pou graf sa a?

- A Sik Lavi Kèk Bèt
- B Diredvi Kèk Bèt
- C Pwosesis Lavi Kèk Bèt
- D Fonksyon Lavi Kèk Bèt

26 Ki yon egzanp yon kreyati *ki pa vivan*?

- A zwazo
- B ensèk
- C chyen
- D dlo

Sèvi ak chèn alimantè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 27 ak 28.



**27** Si kantite krapo yo diminye, ki popilasyon k ap gen plis chans pou ogmante?

- A krikèt
- B fokon
- C koulèv
- D plant

**28** De (2) predatè yo montre nan dyagram nan se


- A fokon ak koulèv
- B fokon ak plant
- C krapo ak krikèt
- D krapo ak plant

\*\*\*\*\*

**29** Yo plante ak grandi twa (3) grenn idantik nan po tè idantik. Touletwa po yo resevwa menm kantite limyè solèy. Yo wouze plant yo yon fwa pa jou. Plant *A* resevwa 10 mililit (mL) dlo. Plant *B* resevwa 20 mL dlo. Plant *C* resevwa 30 mL dlo. Yo mezire epi note wotè chak plant apre dis (10) jou. Ki kesyon eksperyans sa a kapab reponn?

- A Ki kantite espas yon plant bezwen pou li grandi?
- B Ki kantite sòl yon plant bezwen pou li grandi?
- C Ki kantite dlo k ap fè yon plant grandi pi wo?
- D Ki kantite limyè solèy k ap fè yon plant grandi pi wo?

30 De (2) bouji, *A* ak *B*, te gen menm gwochè. Bouji *B* te limen, epi li te boule pandan inèdtan. Apre inèdtan an, yo te mezire bouji yo, jan yo montre sa nan dyagram ki anba la a.



Konbyen santimèt pi kout ki nan bouji *B* apre li te boule pandan inèdtan?

- A 2 cm
- B 3 cm
- C 4 cm
- D 5 cm

\*\*\*\*\*

## Dezyèm Pati

*Enstriksyon* (31–42): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

**31** Yon elèv te teste senk (5) objè, yo montre anba la a, pou wè si objè yo flote oswa koule lè li mete yo nan dlo. Klou, kle, ak ze te koule. Balon ak pòm te flote.



Klou




Balon



Kle



Pòm



Ze

(Pa trase selon echèl la)

Konplete tablo done yo ki anba la a pou montre rezilta tès elèv la. Itilize yon **X** pou montre si chak objè te flote oswa te koule. [1]

**Tablo Done**

Objè	Te flote	Te koule
pòm		
balon		
ze		
kle		
klou		


**32** Tablo done ki anba la a montre tanperati mwayen chak mwa pou Albany, New York, pou kat (4) premye mwa ane a.

**Tanperati Mwayen chak Mwa pou Albany, New York**


Mwa	Tanperati (°F)
Janvyè	22
Fevriye	25
Mas	35
Avril	47

Itilize done ki nan tablo a pou konplete graf an ba ki anba la a. Yo montre tanperati mwayen pou mwa janvyè. [1]

**Tanperati Mwayen pa Mwa pou Albany, New York**



**33** Dyagram ki anba la a montre ekoulman dlo ki fèt pandan yon gwo lapli.



Aprè yon gwo lapli, kantite dlo k ap koule a ogmante. Eksplike **yon** fason ogmantasyon ekoulman dlo a kapab afekte anviwònman an. [1]

---

---


**34** Yon madlo te fòme sou yon twotwa lè lapli te tonbe pandan yon lannwit. A midi nan pwochen jou a, dlo likid ki nan madlo a te evapore. Eksplike kisa ki te rive pou lakòz dlo a evapore. [1]

---

---

---

**35** Dyagram ki anba la a montre yon eripsyon vòlkan. Lè vòlkan yo fè eripsyon, yo kapab degaje gwo kantite wòch likid cho (lav) ak nyaj sann cho ak pousyè.



Dekri **yon** efè **negatif** yon eripsyon vòlkan gen sou anviwònman bèt k ap viv nan zòn nan. [1]

---

---


---



**36** Objè yo gen pwopriyete ou kapab obsève avèk senk (5) sans yo. Tablo ki anba la a montre kèk obsèvasyon ki fèt avèk sans yo. Konplete tablo a. Pou fè sa, idantifye sans ki itilize pou fè chak obsèvasyon. Yo montre sans ki itilize pou obsève koulè wouj. [2]

Obsèvasyon ki Fèt	Sans
koulè wouj	vizyon
gou sale	
odè ki fò	
sifas lis	
gwo bwi	

**37** Dyagram ki anba la a montre de (2) sikui, *A* ak *B*. Anpoul ki nan sikui *A* limen. Anpoul ki nan sikui *B* *pa* limen. [1]



**A**

**B**

(Pa trase selon echèl la)

Eksplike pou kisa anpoul la limen nan sikui *A*. [1]

---




---



---





38 Dyagram ki anba la a montre kat (4) ti chat ki make avèk lèt A, B, C, ak D. Ti chat yo gen menm paran.



Konplete tablo ki anba la. Pou fè sa, mete yon **X** nan kolòn ki kòrèk la pou montre si egzanp lan dekri yon karakteristik ti chat yo eritye, yon karakteristik ti chat yo aprann, oswa yon karakteristik ti chat yo vin genyen. [2]

Egzanp	Karakteristik ti chat yo Eritye	Karakteristik ti chat yo Aprann	Karakteristik ti chat yo Vin Genyen
Ti chat A gen moustach long.			
Ti chat B gen tach nwa.			
Ti chat C ale nan bòl manje li lè li tande manje a k ap louvri.			
Ti chat D pèdi pati zòrèy li nan yon goumen.			

**39** Tablo ki anba la a montre yon dyagram yon plant ki separe an kat (4) pati. Chak pati se estrikti yon diferan plan ki sèvi yon diferan fonksyon. Yo montre kèk estrikti ak fonksyon. Konplete espas vid ki nan tablo a. Pou fè sa, idantifye estrikti plant yo montre nan dyagram nan, oswa dekri **yon** fonksyon estrikti plant lan. [2]

Dyagram	Estrikti Plant	Fonksyon Estrikti Plant
		pwodui fwi ki gen grenn pou fè nouvo plant
	fèy	
		bay sipò pou plant lan
	rasin	

**40** Imen yo reponn nan chanjman ki nan anviwònman yo nan plizyè fason diferan. Konplete tablo ki anba la a. Pou fè sa, dekri yon repons imen nan chanjman anviwònman yo bay la. Yo montre premye chanjman nan anviwònman an ak repons imen. [1]

**Repons Imen nan Chanjman nan Anviwònman an**

Chanjman nan Anviwònman	Repons Imen
van fò	dlo zye
son fò toudenkou	

41 Dyagram ki anba la yo montre yon abita bwa nan sezon livè ak nan sezon lete.



Livè



Lete


Pandan ki sezon yon lapen blan ta pi byen pwoteje kont predatè yo?  
Eksplike repons ou. [1]

Sezon: \_\_\_\_\_


Eksplikasyon: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

42 Dyagram ki anba la yo montre yon anviwònman bò lanmè anvan ak apre yo bati kay nan zòn nan.



Avan Devlopman



Apre Devlopman

Endike **yon efè negatif** konstwiksyon kay yo ka gen sou anviwònman bò lanmè a. [1]

---

---

\*\*\*\*\*





**Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman  
Part II Credit**

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>1</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>2</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>2</b>	
<b>39</b>	<b>2</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>1</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	